



United Against Hate

Pwogram Sansibilizasyon ak Angajman

Kominotè

2022-2024

“Nan tout istwa nou, e menm jounen jodi a, krim reyisman yo fè yon gwo enpak paske yo kreye laterè ak laperèz nan tout kominote yo. Okenn moun nan peyi sa a pa ta dwe pè pou li pa sibi vvolans akoz rayisman. Depatman Lajistis ap kontinye itilize tout zouti li genyen pou li lite kont zak rayisman yo, epi kondane sila yo ki komèt yo”.

—Pwokirè Jeneral Merrick B. Garland

Nan mwa septanm 2022, Pwokirè Jeneral la anonse lansman pwogram sansibilizasyon ak angajman kominotè *United Against Hate* (*Linyon Kont Rayisman*) Depatman Lajistis la nan chak Biwo Pwokirè Etazini (U.S. Attorneys' Office, USAO) pandan ane k ap vini an.

Pandan ane ki sot pase a, USAO yo te mobilize plizyè milye moun nan peyi a pou ba yo fòmasyon sou krim rayisman ak ensidan paspouki motive epi pou ranfòse lyen ki genyen ant kominote a ak lapolis nan dyalòg.

United Against Hate Objektif Pwoogram nan



1. Asire moun nan kominote yo konnen plis bagay epi di lòt moun sa.
2. Kreye yon lyen solid ant kominote yo ak lapolis.
3. Kreye alyans ki pi djanm pou kwape ak konbat krim rayisman.



Gwo Chèf nan Depatman Lajistis yo nan yon seremoni memoryal pou viktim ak sivivan atak ki te fèt 14 me 2022 nan Buffalo, New York.

Konbat zak rayisman

Lè zak ak krim rayisman yo te ogmante, Pwokirè Jeneral Garland, nan mwa mas 2021, te mande Depatman Lajistis pou li fè plis bagay pou kwape yo. Pou Depatman Lajistis pliye anba desizyon sa a, li te kreye pwogram sansibilizasyon ak angajman kominotè ki rele *United Against Hate (UAH)*.

Divizyon Dwa Sivil Depatman Lajistis te devlope pwogram *United Against Hate* avèk gwo koutmen Biwo Egzekitif ki nan Biwo Pwokirè Etazini yo (Executive Office of U.S. Attorneys' Offices, EOUSA), Sèvis Relasyon Kominotè (Community Relations Service), Biwo Federal Ankèt (Federal Bureau of Investigation, FBI), Biwo Sèvis Polis Oryantasyon Kominotè (Community Oriented Policing Services Office), ak Biwo Pwogram Lajistis yo (Community Oriented Policing Services Office).

United Against Hate **Etap enpòtan yo**

<u>94</u>	<u>Plis pase</u>	<u>Plis pase</u>
	<u>550</u>	<u>18,500</u>
USAO	Evènman	Patisipan

Pwogram *United Against Hate* mete an kontak lapolis federal, lapolis Eta, ak lapolis lokal yo avèk kominote lokal yo, san wete moun yo te mete sou kote oparavan epi ki ka gen plis risk pou viktim krim rayisman ak ensidan paspouki. Non sèlman pwogram nan enfòme manm kominote yo sou krim ak zak rayisman yo, men tou li ede kreye lyen ki solid ant kominote a ak lapolis epi ranfòse rezo lokal yo pou konbat zak rayisman yo.

Kontribisyon tout moun

“Si kominote yo ak lapolis pote kole ansanm, moun yo ap kwè toutbon lapolis ap egzamine plent yo pote yo epi yo ap pran plent yo oserye. Moman sa a mande pou tout moun mete men nan pat la pou kwape zak rayisman yo nèt”.

—Pwokirè Jeneral Adjwen pou Dwa Sivil Kristen Clarke

Genyen 94 distri federal Ozetazini. Yo chak genyen yon Pwokirè ki la pou fè moun aplike lwa peyi a. Nan òganize evènman *United Against Hate*, Pwokirè Etazini yo jwe yon gwo wòl nan mete kominote lokal yo an kontak avèk lapolis federal, lapolis nan Eta a, ak lapolis lokal. Tout 94 USAO yo te òganize evènman sa yo nan yon dividal etablisman, tankou legliz, lekòl ak inivèsite lokal, bibliyotèk, galri atizay, ak sant kominotè. Pami patisipan ak ko-prezantatè yo te genyen gwoup reliye; enstitisyon k ap bay fòmasyon; òganizasyon k ap defann dwa moun; òganizasyon dwa sivil nasyonal, Eta, tribal ak lokal yo, ak chanm komès lokal yo. Kantite moun ki patisipe nan evènman yo varye. Gen evènman ki sèlman genyen yon douzèn patisipan epi gen lòt ki genyen plis pase desan (200) patisipan.

“

“Kominote Sikh Charlotte la vrèman apresye bon relasyon li genyen avèk Biwo Pwokirè Etazini an . . . Gras ak koutmen Biwo a, nou te toujou an mezi pou nou kontakte lapolis federal pou li ede nou leve defi kominote nou an ap fè fas, kit se entimidasyon nan lekòl, fòmasyon sou divèsite nan eyewopò a, sekirite Gurdwara, kit se zafè ki gen pou wè ak dwa sivil . . . Kominote nou an di Biwo sa a mèsi pou tout bagay li fè pou nou”.

—Pushpinder Garcha, United Sikhs

Pwogram Sansibilizasyon ak Angajman Kominotè United Against Hate (2022-2023)



Biwo Pwokirè Etazini nan South Dakota te òganize yon evènman United Against Hate nan tanp Endou Siouxland lan.

Pwogram *United Against Hate* pale sou yon dividal sijè, tankou:

- fason pou defini diferans ki genyen ant krim reyisman ak zak rayisman;
- jan li enpòtan pou siyale zak reyisman yo;
- chwa pou reyaji fas ak zak rayisman ki pa krim yo; epi
- fason distenge konpòtman ilegal moun genyen akoz diskou Premye Amandman an pwoteje.

Chak distri ki gen USAO te adapte pwòp pwogram *United Against Hate* pa li pou li reponn ak bezwen epi eksperyans inik kominote lokal la. Gen kèk evènman ki te konsantre sou odyans espesifik, tankou lidè reliye yo, elèv lekòl segondè yo, oswa kominote LGBTQI+ a. Gen lòt ki te mete aksan sou enpak li fè sou sivivan yo ak jan li enpòtan pou sipòte viktim yo.

Kreye lyen ansanm

“Angajman kominotè nan kad pwogram UAH yo reflete divèsite distri nou an. Nou chita pale avèk manm kominote yo pou nou kontinye amelyore bagay yo nan sa ki gen pou wè ak kwape, siyale krim rayisman yo, ak fason lapolis reyaji. Nou vle pou kominote yo pote kole avèk nou nan kad jefò sa a. Lè nou voye je sou pwoblèm kominote nou yo, difikilte ak bezwen yo genyen, nou kapab fè fas ak obstak yo, jwenn yon teren dantant, epi patisipe nan kreye kominote ki djamn, rezilyan, epi ki an sekirite”.

—Pwokirè Etazini Dena King, Distri Lwès North Carolina

USAO yo konsantre yo sou yon dividal patnè kominotè ki reprezante divès aksyon ak enterè nan kad evènman *United Against Hate* yo a. Plizyè moun te reyini nan okazyon diferan evènman pou yo pale sou fason krim rayisman afekte moun. Sivivan yo, defansè viktim yo ak moun k ap ede yo te twoke enfòmasyon pou yo sansibilize yon bon valè moun sou enpak krim sa yo fè sou kominote yo. Plizyè USAO te òganize omwen yon evènman ki te pale sou pwoblèm youn oswa plizyè kominote reliye ap fè fas. Dènyeman, akoz danje rayisman kont pèp juif yo ki pa sispann ogmante reprezante, gen plis pase 30 USAO ki te konsantre yo sou pwoblèm kominote juif ak legliz juif ki nan zòn yo a ap konfwonte.

Pifò USAO te kole zepòl avèk lapolis Eta ak lapolis lokal yo nan kad evènman *United Against Hate* yo a pou yo ka ranfòse aktivite siyale krim ak zak rayisman yo.



Moun yo ap patisipe nan yon atelye United Against Hate Biwo Pwokirè Etazini pou Distri Lès North Carolina òganize.

Temwayai yo

Yon koutmen

“Apre yon evènman ki te fèt pou kominote LGBTQI+ la, youn nan etidyan ki t ap patisipe yo te kontakte AUSA. Etidyan an te deklare se premye fwa nan lavi l li te santi lapolis t ap ba li yon koutmen toutbonvre. Li di li te okouran krim rayisman yo pa siyale sou kanpis la. Evènman an te tèlman enspire l, li te prevwa tanmen yon gwoup travay nan fakilte dwa a avèk lidè etidyan yo ak lapolis lokal pou li kapab ogmante aktivite siyale krim ak zak rayisman yo”.

—USAO Distri Arizona



Biwo Pwokirè Etazini pou Distri Nò Georgia a te òganize yon seri evènman United Against Hate avèk kominote yo nan distri li an.

Temwayay sivivan yo

“Nou te chita pale avèk manm nan kominote Afgan ak kominote Mizilman yo pou nou konnen sa yo panse ak sa yo santi apre yon seri zak asasinay te touche kominote yo. Sa te pèmèt nou wè si nou te kapab jere pwoblèm kominotè yo apre yon evènman fin pase epi sa te pèmèt moun yo jwenn yon kote pou yo pale sou ensidan ki sot pase yo”.

—USAO Distri New Mexico

Priyorize viktim yo

“Yon pati nan evènman UAH nou an te konsantre sou chòk moun ki viktim krim rayisman yo sibi, konbyen tan chòk la dire, ak jan li enpòtan pou yo di sa yo panse epi denonse. Kowòdonatè Temwen Viktim nou an ak moun ki te viktim krim rayisman yo te pran lapawòl nan pwogram nou an. Sa te vrèman touche piblik nou an lè yo tandé temwayaj viktim yo epi wè dega krim rayisman yo lakoz. Yo te akeyi pwogram nan trè byen”.

—USAO Distri Lès North Carolina



Pwokirè yo te fè yon prezantasyon ki pale sou lwa kont krim rayisman yo nan kad yon evènman United Against Hate Biwo Pwokirè Etazini pou Distri Rhode Island nan te organize.

Yon liy dirèk

“Aksyon UAH an bay rezulta paske li te fasilité kominikasyon ant Pwokirè Etazini yo ak yon raben nan zòn nan, ki gen kongregasyon li dènye menas yo te sible. Nan dat 8 jen 2023, nou te òganize yon evènman UAH sou entènèt avèk lidè juif yo nan distri a. Anviwon yon semèn apre, nan dat 16 jen, FBI te arete yon sispek ki gen 19 lane poutèt li fè menas antisemit (kont juif yo). Li te di l ta pral fiziye yon pil juif nan yon sinagòg ki nan zòn nan. Raben sinagòg li te sible a te patisipe nan reyinyon UAH nou te fè a epi li te gen yon liy dirèk pou l kominike avèk Pwokirè Etazini an. Non sèlman pwogram UAH te ranfòse relasyon biwo a avèk sinagòg ki sible a, men tou li te pèmèt yon klima konfyans ak bòn volonte etabli avèk lidè juif yo ak manm kominote yo nan distri a ak Eta a.”

—USAO Distri Lwès Michigan



Biwo Pwokirè Etazini pou Distri Lwès North Carolina ak responsab lapolis yo te rankontre reprezantan ki soti nan Kominote Sikh yo nan Gurdwara Khalsa Darbar nan Charlotte.

Enfòmasyon Anplis

① Siyale yon krim oswa zak rayisman.

- Si w se yon viktim krim oswa zak rayisman, oswa ou te temwen youn, rele 911 oswa komisarya ki nan zòn ou an.
- Fè suivi avèk plent ou an bòkote FBI [anliy](#) oswa rele FBI nan 1-800-CALL-FBI (1-800-225-5324).

② Antre an kontak avèk Pwokirè Etazini an.

- Anpil USAO ap organize lòt pwogram *United Against Hate*.
- Pou w jwenn enfòmasyon sou evènman k ap fèt nan distri USAO ou an, [kontakte](#) Pwokirè Etazini ki nan zòn ou an.